



Caredox Parent letter – Haitian Creole

Pou Paran/Gadyen,

Bi lèt-sa se pou annonse lekòl piblik *Broward County* ap adopte sistèm elektwonik dosye sante (*CareDox Electronic Health Records system*). Sistèm CareDox va sèvi kòm yon zouti kominikasyon kote paran/gadyen kapab kominike sou Entènèt avèk pèsonnèl medikal nan lekòl pitit-li pou adrese bezwen sante pitit-li.

Avantaj CareBox:

CareDox ofri plizyè avantaj tankou:

- Pataje epi kominike enfòmasyon medikal selon yon mwayen elektwonik ant paran/gadyen, pwofesyonèl lasante ak estaf lekòl-la
- Voye atan notifikasyon lè pitit-ou ap vizite ofis/klinik manm pèsonnèl medikal-la
- Bay enfòmasyon sou sante, ki ajou epi ki va disponnib touswit nan lekòl pitit-ou


Pou plis enfòmasyon sou jan CareDox asiste lekòl-yo ak enfòmasyon sou keksyon paran poze souvan, vizite sitwèb: www.caredox.com/schools ak sit www.caredox.com/category-faq/parents.

Pwosedi Anwolman pou Fanmi nan Broward:

Anwole sou sit, *CareDox Parent Portal*, se mwayen pi rapid epi pi sekirize pou paran bay lekòl pitit-li, chak ane, enfòmasyon sou sante, ki ajou. Pwosedi pou anwolman paran va fèt sou sit *CareDox Parent Portal*. Ou va jwenn espikasyon sou pwosedi-a anba-a.

- Ou pral resevwa yon kominikasyon pa imel de CareDox, pou anwolman sante.
 - Si ou poko bay lekòl pitit-ou yon imel adrès, fè sa ositoke posib.
- Imel ou va resevwa pou anwolman sante va gen ladann yon lyen (*link*) inik ki konekte-ou ak pwofil sante pitit-ou.
- Lè ou louvri lyen a, yo va mande w touswit kreye yon kont (account) epi reponn keksyon anrapò ak sante pitit-ou. Se keksyon ou reponn chak ane.
- Sa va pran apeprè 5–30 minit pou reponn tout keksyon sou fòm sante-a.
- Si ou gen keksyon diran pwosedi anwolman-an, tanpri kontakte support@caredox.com.

Avèk respè,


Principal